

Ede Nou Konnen Pasyan Nou Yo Pi Byen

Keksyon sou rasanble enfòmasyon sou Ras ak Etnisite Pasyan yo



Poukisa yap poze keksyon sa yo?

Nap rasanble enfòmasyon sou ras ak etnisite tout pasyan nou yo pou ede nou konnen yo pi byen. Nap ka pi byen satisfè bezwen kominote nap sèvi yo si nou konnen plis sou pasyan nou yo, kilti yo ak lang yo. Nap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou n asire n tout pasyan yo resevwa swen apwopriye ki gen bonjan kalite.

Poukisa yap poze m keksyon sa yo?

Nap pran enfòmasyon sa yo nan men tout pasyan yo. Sa pral ede nou wè diferans nan lasante ant diferan popilasyon yo. Nou ka redwi diferans sa yo lè nou asire n tout pasyan yo resevwa menm kalite swen an.

Eske yo poze menm keksyon sa yo nan lòt lopital yo?

Se nouvo regleman nan eta a ki egzije tout lopital nan Massachusetts pou rasanble enfòmasyon sa yo. Nou rasanble enfòmasyon sa yo kòm pati yon efò nan tout eta pou amelyore lasante tout moun.



Ki rapò gen ant ras, etnisite m ak lasante m?

Etid yo montre gen diferans nan lasante ant gwoup rasyal ak etnik yo. Nou pa konnen kisa k lakoz diferans yo epi nou bezwen aprann plis sou diferans sa yo. Nou ka travay pou n elimine diferans sa yo lè n asire n tout moun resevwa menm kalite swen.



Kijan yo pral itilize enfòmasyon sa yo?

Nap itilize enfòmasyon sou ras ak etnisite nap rasanble nan men tout pasyan yo pou wè si gen yon diferans kèlkont nan lasante ant diferan gwoup moun. Sa ap ede n asire n nou bay tout moun menm kalite swen an. Nap itilize enfòmasyon sa yo tou pou nou konprann bezwen popilasyon nap sèvi a ak asire n moun yo jwenn swen k apwopriye ak kilti yo.

Objektif nou se pou nou satisfè bezwen tout pasyan nou sèvi yo. Nap ka atenn objektif sa lè n bay sèvis entèprèt, ofwi pasyan yo enfòmasyon k tradwi nan diferan lang, ak asire n anplwaye nou yo bay swen ki apwopriye ak kilti yo.

Sa kap pase si m pa vle pataje enfòmasyon sa yo?

Se desizyon pa w si w vle pataje enfòmasyon sa yo. Nap rasanble enfòmasyon sèlman pou ede nou konnen pasyan nap sèvi pi byen epi sa pap afekte swen oubyen sèvis wap resevwa.



Amelyore lasante pou
TOUT MOUN